# САРЫГУЛ БАҲАДЫРОВАНЫҢ «ҚАРАҚАЛПАҚ ҚАНДАЙ ХАЛЫҚ» КИТАБЫНДА «ҚАРАҚАЛПАҚ ХАЛЫҚ ОЙЫНЛАРЫ» ХАҚҚЫНДА

**Календерова Аксунгул Мамутовна**

*Өзбекстан Республикасы Илимлер академиясы Қарақалпақстан бөлими Қарақалпақ гуманитар илимлер илим-изертлеў институты Нөкис*

**Аннотация:** В статье рассматривается глава «каракалпакские национальные игры» в монографии «Каракалпаки какой народ» С.Бахадыровой. В этой главе автор книги, с научной точки зрения предоставляет читателям детальные информации об национальных играх каракалпаков. Которые в настоящее время считаются утерянными в быту каракалпаков: «Айкулаш», «Тогыз кумалак», «Аксуек», но они имеют особого внимания и значения в зарубежных странах. Автор статьи раскрывает значение национальных игр в воспитании подрастающего поколения каракалпаков. Именно в этих играх отражается история, древняя культура каракалпакского народа.

**Annotation:** The article discusses the chapter "Karakalpak national games" in the monograph "What kind of people are Karakalpaks" by S.Bahadyrova. In this chapter, the author of the book, from a scientific point of view, provides readers with detailed information about the national games of the Karakalpaks. Which are currently considered lost in the life of the Karakalpaks: "Aikulash", "Togyz kumalak", "Aksuek", but they have special attention and importance in foreign countries. The author of the article reveals the importance of national games in the education of the younger generation of Karakalpaks. It is in these games that the history and ancient culture of the Karakalpak people are reflected.

С.Баҳадырованың жаңадан баспада жарк көрген китапларының бири «Қарақалпақ қандай халық» (Ташкент 2017). Бул китапта фольклорист ҳәм жазыўшы илимпаз С.Баҳадырованың көп жыллық илимий мақалалары менен повестьлери қамтылған. Китап өз аты менен қарақалпақ халқының тарийхы, фольклоры, салт-дәстүри, этнографиясы, жыраўлары ҳаққында жақсы мағлыўматлар менен сөз етиледи. Биз усы китаптың «қарақалпақ халық ойынлары» бөлимине айрықша тоқтап өтпекшимиз. Автор, бул бөлиминде қарақалпақ халқының жаслары ҳәзирги күнде ҳәм бурынғы заманда бос ўақытларын калай өткергенлиги хаққында сөз етеди. Яғный, ўақыт өзгериў менен салт-дәстүрде өзгерип турады, деген пикирлер менен сөз баслайды. Актуаллы сораўларды қойып, мәселелерди көтерип, өзи сол сораўларға ашық-айдын жуўабында айтып өтеди. Китаптың ҳәр бир бөлиминде қарақалпақ тийкарында халық, миллийлигин сақлап, ески халықлардың бири екенин деталлар менен ашып береди. С.Бахадырова бул бөлимдеқарақалпақ халық

ойынларын еки түрге боледи: тиккелей физикалық күшти сынаў ушын ҳәм ақыл-ойдың дәрежесин сынаў ушын өткизген ойынлар деп [Баҳадырова С., 2017. – 129-130 б]. Усы жерде: физикалық күш жарысына салыстырғанда, ақыл-ойдың жарысына қурылған ойынлары күшли болғанлығын айтып өтеди. Ойынлардың бири – айтыс. Буны ойын деўге бола ма? деп сораўды қояды. Автор айтыстың сөзлердиң жарысы, ол фольклордың бир жанры, жоғалып баратырған жарыс ойының түри екенлигин айтып өтеди. Интеллектуал ақыл-ой жарысына қурылған, талант, зийреклик, сөз жүйреклиги жарысы ҳәм автор сол жағынан интеллектуал ойыны деп атайды.

Қарақалпақларда бул ойын өзиниң профессионал атқарыўшыларына ийе болған [Баҳадырова С., 2017]. Сөз етилип атырған ойын қарақалпақларда қыз-жигит айтыс-жуўаплары бар. Автор усы жерде ойынның процесинде қарақалпақ қызларының ийбеси, сабырлығы, шыдамлылығы, гештек тамам боламанға шекем қызлар минин бузбай өзлерин тутыўы, булардың барлығы қарақалпақ миллетиниң өзгешелиги, ойын процесинде жасларды излениўге мәжбүлейди ҳәм тарбиялайды деп есаплайды. Бул бөлимде қарақалпақ халқының ең ески балалар ойынларынан «Айқулаш», «Тоғыз қумалақ», «Ақ сүйек» ойынлары сөз етиледи.

Ақ сүйек ойыны жоғалған ойынлар қатарына киреди. Бул ойын тарийхтан белгили түркий тиллес халықларың көбисинде бар ойын. Изертлеўши илимпаз бул ойынды Тува халқы жаслары пайдаланбаўы ушын 1929-жылы Тува халық революциялық партиясы жаслар шөлкеми қарар шығарып ойынды ойнаўды қадаған еттиреди. Лекин Тува интеллигенциясы өз халқының мүлки болған, бул ойынды көрген, билген адамлардан жазып алып китап етип шығарады (Монгуш Кенин-Лопсан, Ойтулааш, Қызыл, 2004) [Баҳадырова С., 2017. 132 б].

Автор Тува Ойтулаашы менен қарақалпақ Айқулашы ортасында айырмашылық жоқ екенин айтып өтеди ҳәм екеўи де бирдей, кеште жаслар айдың жақтысында аўылдың сырт петине шығып ойнайтуғын ойын. Бул ойын жасларды бир-бири менен бириктиреди, таныстырады, өнерлерин көрсетеди, пикирлеседи. Бул ойынға тек қыз-жигитлер катнаспайды жеңге, үйленген жигитлерде қатнасады, қосық айтысады ақ сүйек ойынларын ойнайды [Баҳадырова С., 2017].

Соның менен бир қатарда, илимпаз умытылып кеткен ойынлардың ишинен «Тоғыз қумалақ» ойынын тәреплеп тоқтап отеди. Тоғыз қумалақ түркий тиллес халықларда бар болып, шарўашылық пенен шуғылланатуғын қазақ, хакас, ноғайларда болған. Илимпаз бул ойын хаққында жақсы мағлыўматларды береди. Бизлерде умытылып кеткен ойынлар шет мәмлекетлерде көбирек пайдаланылады, Американың Аляска университетинде тоғыз қумалақ ойыны үйрениледи, ал Лондонда болса ҳәр жылы жарыс откериледи екен, Лондон

қаласында халық ойынларының музейинде тоғыз қумалақ ойыны бар. Автор көп мағлыўматларды айтып ойынға талқылама береди. Ойын қалай ойналады? «Тоғыз», «тоқсан» саны қарақалпақ халқында ең кийелисан болып есапланады. Автор көплеген мысаллар келтиреди: «Тоғыз тоңқылдақ бир шеңкилдек», «тоқсан ойдың торабы», «тоғыз дегенде не жаман, төресин бузған бий жаман». Бул ойынның тәртибинде шарўашылықтың нызамы, шарўа менен шуғылланатуғын түркий тиллес халықларының малды көбейтиў тәжирийбеси пайдаланылады. Китапта ойын қағыйдалары майда деталларына шекем айтылған.

Соның менен бир қатар, ата-бабаларымыздың ең ески ойынларының бири «Ақ сүйек». Бул ойын, илимпаздың айтыўы бойынша ең ески ойынларының бири, пүткүл дүнья халықларына, әсиресе, Шығыс халықларында барлығында бар ойын түри. Ойында малдың жилик сүйеги пайдаланылады, жигит ҳәм қызлар еки топарға бөлинеди, ойынды ауыл сыртында кеште ойнайды. Ойын басы: ҳәр топар өзлерине «хан» сайлайды. Қайсы топар биринши баслайтуғының қолларына қумалақ жасырады ким тапса сол топар ойынды баслайды [Баҳадырова С., 2017. – 135 б]. Ойында шәртлери болады қайсы топар уттырса солар дастурқан жайып шай береди.

Қысқаша жуўмақлап айтқанда, С.Баҳадырованың мийнетлери бийбаҳа, себеби, қарақалпақ илимине өзиниң ең жақсы өмириниң өткерген жылларын усы қарақалпақ фольклоры ҳәм әдебиятына бағышлады. Қолымыздағы көлемли китап қарақалпақ халқының келип шығыў тарийхы, мәденияты, милийлиги, өзгешелигиге, халықтың бийбаха байлығын ҳәр тәреплеме сыннан откерген. Бул қитапты оқыған инсанда қарақалпақлар хаққындай хеш қандай сораўлар пайда болмаса керек. Себеби, ҳәр бөлиминде қарақалпақ қандай халық екенлиги бойынша китаптың атындағы сораўларға жуўаплары менен айтып өтеди. Булар қандай сораўлар: қарақалпақтың байлығы барма, қарақалпақлар қай жерде ҳәм қашан пайда болған, қарақалпақ ана ҳәм хаял-қызлары қандай, қарақалпақлар ушын ең қәдирли нәрсе не, бир ер адамның өзинде қанша өнер бар, қарақалпақ халық ойынлары бар ма? Бул сораўларға жуўапты усы китаптан аламыз. Жоқарыда келтирилген қарақалпақ ойынларында халық педагогикасы, эстетикасы, мәденияты, тарийхы, қарақалпақ халқынын характери, типи, салт-дәстүри барлығы сәўлеленеди. Қыз-жигитлер айтысында, жигитлер кызларды сынайды, ал қызлар болса жигитлерди сынап өзлери менен жеңгелерин ертип келип жеңгелеринен үйренген.

Изертлеўши миллий балалар ойынлардың халық тарийхый дәстанларында, ҳинд «Махабхарата» эпосларында усы ойынлар сәўлеленеди. Демек, халық ойынлары шығыс халықлар турмысында әҳмийетли болып есапланған. Биз ойлаймыз, усындай китаплар қандай халыққа тийисли болмасын, халық

мийрасы болып, олар бир неше тиллерге (рус, инглис тиллерине) аўдарылыўы керек.

**ӘДЕБИЯТЛАР:**

1. Баҳадырова С. Қарақалпақ қандай халық. – Ташкент: Навруз, 2017. – 255 б.

2. Календерова А. Ҳәзирги дәўир қарақалпақ балалар фольклоры: жанр эволюциясы. – Нөкис, 2024. – 130 б.